

gendwa mete yon deklarasyon dezakò nan dosye yo. Deklarasyon sa a fèt pou rete la ak fè pati seksyon dosye elèv la ki divilge a. Si, aprè odyans la, desizyon se ke enfòmasyon pa egzak, twonpè oubyen li an kontravansyon ak dwa entimite elèv la, lekòl la va fè amannman an epi la enfòmasyon paran yo a lekri de amannman ki fèt la.

Eske gen dispozisyon espesyal osijè de dwa pouf è enspeksyon dosye eskolè yo ki aplike pou elèv andikape yo?

Wi. Daprè lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo oswa Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), yon paran elèv andikape gendwa resevwa repons nan men youn nan ajans ki patisipe yo pou yon eksplikasyon rezonab. Paran yo gendwa tou fè entèprete dosye eskolè yo ak fè yon reprezantan fè enspeksyon ak revizyon tout dosye yo.

Eske yon ajans edikasyonèl oswa enstitisyon gendwa chaje yon frè pou tout kopi dosye eskolè yo?

Wi. Amwens ke frè sa a ta anpeche paran an egzèsè dwa li pouf è enspeksyon ak revizyon dosye yo. Règ Asanble Edikasyon Leta a egzijè ke règlemantasyon asanble lekòl la etabli yon lis tarif pou kopi dosye eskolè yo ki pa depase pri pou repwodwi oswa tire dosye eskolè yo.

Eske dwa paran gadyen diferan de yon paran ki pa gadyen timoun la?

Non. FERPA akòde tout dwa ba tou lè de kalite paran say o amwens ke lekòl la gen prèv ke gen yon manda tribinal, lwa, oswa dokiman legal ki espesifikman revoke dwa sa yo.

Eske bòparan yo gendwa anba règleman FERPA yo?

FERPA pèmèt bòparan yo egzèsè tout dwa ki bay aksè a dosye eskolè yo ke yo akòde ba paran lè bòpè a nan kay la ventkat sou ventkat ansanm ak timoun la ak paran lejitim timoun la e ke lòt paran an absan.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou FERPA?

Gen yon dokiman asistans teknik sou sit web Depatman Edikasyon la Florid nan <http://www.fldoe.org/ese/tap-home.asp>.

Tout paran gendwa kontakte tou:

Florida Department of Education
Student Support Services Project
325 W. Gaines Street, Suite 644
Tallahassee, FL 32399
Telefòn: (850) 245-7851
<http://sss.usf.edu>

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, D.C. 20202-5920
Telefòn: (800) 872-5327
<http://www2.ed.gov/policy>

Dokiman sa a devlope pa Depatman Edikasyon la Florid, Seksyon Lekòl Piblik yo, Bureau of Exceptional Education and Student Services atravè èd Federal ki tonbe anba Lwa pou Edikasyon Moun Andikape yo oswa Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Pati B.



Florida Department of Education
Dr. Eric. J. Smith, Komisyonè
313079

LWA SOU DWA AK ENTIMITE LANSÈYMAN POU FANMI

Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)

ENFÒMASYON POU PARAN YO



Depatman Edikasyon
la Florid

Dosye eskolè elèv yo se dokiman ofisyèl ak konfidansyèl ki pwoteje pa youn nan lwa pwoteksyon entimite pi strik nan nasyon an, lwa sou dwa ak entimite lansèyman pou fanmi (FERPA) ke yo rele Buckley Amendment la tou, se li ki espesifye dosye eskolè yo ansanm ak tout dosye eskolè elèv yo ke lekòl yo kenbe.

FERPA bay paran yo dwa pou revize ak konfime presizyon enfòmasyon ki nan dosye eskolè yo. Dwa sa yo transfere ba elèv la dimoman li atenn 18 lane daj oswa li swiv klas nan yon enstitisyon edikasyon siperyè. Lè sa a elèv la klasifye kòm “elèv kalifye” e li jwi de menm dwa ak paran liyo konsènan dosye edikasyonèl yo.

Konsantman davans pa egzijib pou lekòl yo divilge enfòmasyon konsènan dosye eskolè yon elèv kalifye ba paran yo si elèv kalifye a se yon dependan pou koze enpo dapre règleman kontribisyon yo oswa Internal Revenue Service.



Dwa prensipal paran yo ansanm ak elèv ki kalifye yo ki tonbe anba lwa FERPA se:

- Revize ak fè enkspeksyon dosye eskolè yo
- Mande fè amannman sou dosye eskolè yo
- Gen sèten kontwol sou enfòmasyon ke yo ka divilge nan dosye eskolè yo

KESYON PI KOMEN YO

Nan ki ajans oswa nan ki lekòl règleman FERPA yo aplike?

FERPA aplike nan tout lekòl piblik yo oswa ajans lokal edikasyonèl yo ki resevwa fon federal pou edikasyon yo. Pwogram edikasyonèl Jistis pou Minè yo resevwa fon nan men distri eskolè responsab ki soumèt a tout règleman sa yo. Pi fò nan lekòl prive yo ak lekòl pawasyal yo pa resevwa fon federal sa yo ki vle di yo pa sijè a règleman FERPA.

Eske règleman FERPA yo aplike pou lekòl prive yo?

Wi. Lekòl prive sa yo konsidere kankou lekòl piblik yo, kidonk règleman FERPA yo aplike.

Si yon timoun asiste yon lekòl prive ak bous McKay, eske FERPA aplike pou lekòl prive sa a?

Bous McKay sa yo sipòte pa fon yo resevwa nan men letà (yo pa resevwa fon federal). Si yon timoun asiste lekòl prive ak bous McKay la, egzijans FERPA yo pa aplike pou lekòl sa a difèt ke li aksepte fon bous yo dirèk. Mèzalò, FERPA aplike si lekòl prive a resevwa fon nan men Depatman Edikasyon Nasyonal Lèzetazini.

Ki dwa paran oswa elèv ki kalifye pou fè enspeksyon ak revizyon dosye edikasyonèl yo?

Règleman Asanble Edikasyon Leta di konsa ke distri a fèt pou li konfòmel ak rekèt la nan yon delè rezonab, men ki pa fèt pou depase 30 jou aprè rekèt la prezante.

Ki limitasyon ki genyen sou dwa fè enspeksyon ak revizyon dosye yo?

Si dosye edikasyonèl elèv la gen enfòmasyon sou plis de yon elèv ladann, paran oswa elèv kalifye a kab fè enspeksyon ak revize oubyen resevwa ransèyman sèl sou enfòmasyon espesifik la.

Eske moun kap reklite pou lame gen aksè a enfòmasyon sou elèv la?

Wi. Lwa “No Child Left Behind” la egzije tout ajans lansèyman lokal yo pou bay moun kap reklite pou lame non, adrès, ak telefòn tout elèv segondè yo. Lekòl distri yo fèt pou bay paran yo chwa pou mande pou pa divilge enfòmasyon an.

Eske yon lekòl gendwa divilge enfòmasyon nan yon ka dijans sante oswa sekirite?

Wi. Nan ka dijans, FERPA pèmèt tout fonksyonè lekòl yo divilge, san konsantman, dosye eskolè yo, menm enfòmasyon pèsònèl ki chita nan dosye say o, pou pwoteje sante ak sekirite tout elèv yo ak lòt moun yo.

Ki kondisyon ki aplike pou divilge enfòmasyon ki nan anyè a?

Yon enstitisyon gendwa divilge enfòmasyon depi li bay avi piblik ba paran yo sou elèv konsènan:

- Sa lekòl la deziye kom enfòmasyon anyè
- Dwa paran pou refize pèmèt lekòl la deziye nenpòt oswa tout enfòmasyon ki chita nan anyè a
- Tan pou paran an avize lekòl la alekri ke li pa vle tip enfòmasyon sa yo fè pati enfòmasyon nan anyè a

Ki pwosedi pou swiv pou fè amannman sou dosye eskolè yo?

- Paran an fèt pou idantifye, alekri ba lekòl la, pati nan dosye yo ke li kwè ki pa korèk, ki twonpè, oswa ki an kontravansyon ak dwa entimite elèv la.
- Lekòl la fèt pou deside nan yon delè rezonab si pou li fè amannman yo mande a.
- Si lekòl deside pa fè amannman yo, li fèt pou avèti paran yo sou dwa pou yo prezante nan yon odyans.
- Aprè odyans la finn fèt, si desizyon an se pou pa fè amannman yo sou dosye yo, paran yo